



Prezidan Thomas S. Monson

Chwa yo

Se pou nou toujou fè bon chwa, menmsi sa difisil, olye nou fè move chwa ki pi fasil yo.

Frè m ak sè m yo, anvan m kòmanse mesaj mwen an jodia, m ta renmen anonse kat nouvo tanp ki pral bati nan lokasyon sa yo nan mwa ak ane k ap vini yo: Quito, Ekwatè; Harare, Zimbabwe; Belém, Brezil; ak yon dezyèm tanp nan Lima, Pewou.

Lè m te vin manm Kolèj Douz Apot yo an 1963, te gen 12 tanp ki te an fonksyon nan tout Legliz la. Avèk konsekasyon Tanp City Center a nan Provo a sa gen de semèn, gen 150 tanp ki an fonksyon atravè mond la kounyeya. Ala nou rekonesan pou benediksyon n ap resevwa nan kay sakre sa yo.

Frè m ak sè m yo, mwen eksprime rekonesans mwen pou opòtinite m genyen pou m pataje kèk refleksyon avèk nou maten an.

Dènyèman, m t ap panse avèk chwa. Yo di konsa ke pòt listwa vire sou ti gon piti e se konsa sa ye nan lavi moun tou. Chwa nou fè yo detèmine destine nou.

Lè nou te kite egzistans premòtèl la pou n te antre nan mòtalite a, nou

te vini avèk don libabit la. Bi nou se pou nou jwenn laglwa selès epi chwa n ap fè yo pral an gwo pati detèmine si wi ou non nou pral atenn bi nou.

Pifò nan nou familye avèk Alice nan woman Lewis Carroll la *Alice au pays des merveilles*. Na sonje ke Alice te rive nan yon kafou ki te gen de chemen devan li, chak te mennen nan yon direksyon diferan. Pandan l t ap mande tèt li ki wout pou l te pran, li te wè chat ki rele Cheshire la, epi Alice te mande l: “Ki wout pou m pran?”

Chat la te reponn: “Sa depan de ki kote ou vle ale. Si w pa konn ki kote ou vle ale, chemen w pran an pa gen enpòtans.”¹

Kontrèman avèk Alice, nou konn ki kote nou vle ale, epi sa *enpòtan* pou n konn ki chemen pou nou pran, paske chemen nou suiv nan lavi sa a mennen nan destinasyon nou nan lavi apre a.

Se pou nou chwazi pou edifye andedan nou yon gwo lafwa puisan ki ap defans ki pi efikas nou kont plan advèsè a—yon lafwa reyèl,

kalite lafwa ki pral soutni nou e ranfòse dezi nou pou chwazi sa ki byen. San yon lafwa konsa, nou pa pral okenn kote. Avèk li, nou ka atenn bi nou yo.

Malgre li enperatif pou nou chwazi avèk sajès, gen moman kote nou pral fè chwa ensanse. Kado repantans la, Sovè a banou an, pèmèt nou chanje wout nou pran an, pou nou ka retouren sou chemen k ap mennen nou nan lagwla selès n ap chèche a.

Se pou nou gen kouraj pou nou afwonte opinyon jeneral yo. Se pou nou toujou fè bon chwa, menmsi sa difisil, olye nou fè move chwa ki pi fasil yo.

Pandan n ap reflechi sou desizyon n ap pran chak jou nan lavi nou yo—pou konn si pou nou fè yon chwa oswa yon lòt—si nou chwazi Kris la, n ap toujou fè chwa kòrèk la.

Priyè enb e sensè mwen se pou nou ka toujou fè sa, nan non Jezikri, Senyè nou ak Sovè nou an, amèn.

NÒT

1. Lewis Carroll, *Alice au Pays des Merveilles* (1898), 89.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti Me 2016 rive Oktòb 2016, lesan katriyèm Dimanch pou Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou yo dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Avril 2016 la. An Oktòb 2016, nou gen dwa chwazi diskou yo oubyen nan konferans jeneral Avril la oubyen nan sa Oktòb la. Prezidan pieu ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan conference.lds.org.



Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

L ap mete ou sou zepòl li epi l ap pote w mennen lakay

Menmjan Bon Bèje a jwenn brebi pèdi l la, si w sèlman leve kè w bay Sovè mond la, L ap jwenn ou tou.

Youn nan souvni terifyan anfans mwen kòm anse avèk pil bri sirèn antiaeryen byen lwen ki reveye m nan dòmi. Anvan lontan, yon lòt son, bri ak vibrasyon motè a elis k ap ogmante gradyèlman jiskaske l fè lè a tranble. Jan manman m te byen antrene nou pou nou fè, nou menm timoun yo nou kouri pran valiz nou epi nou kouri al sou mòn nan nan yonabri kont bonm. Pandan n ap kouri ale nan mitan lannuit fènwa a, eksplozyon vèt e blan klere ap tonbe soti nan syèl la pou endike sib pou moun k ap bonbade yo ka wè. Etranjman, tout moun te konn rele eksplozyon sa yo abdenwèl.

Mwen gen katran, e m temwen yon mond ki nan lagè.

Dresde

Pa lwen bò kote fanmi m t ap viv la, te gen vil Dresde la. Moun ki te viv la yo te petèt temwen sa m te wè yo dè milye fwa. Gwo ensandi devastan,

pwovoke pa dè milye tòn eksplozif, te vide sou Dresde, sa ki te detwi plis pase 90 pousan nan vil la e ki te kite grave ak sann dèyè yo.

Nan yon ti kal tan, vil yo te yon fwa rele “Bwat Bijou” a pa t egziste ankò. Erich Kästner, yon otè Alman, te ekri apwopo destriksiyon an: “Nan yon milye ane bote l te bati, nan yon nuit li te totalman detwi.”¹ Pandan anfans mwen, m pa t ka rive imajine kijan nou t ap janm simonte destriksiyon lagè sa a pwòp pèp pa nou an te deklanche a. Mond bò kote nou an te parèt totalman dezespere, san okenn avni.

Ane pase, m te gen okazyon pou m te retounen nan Dresde. Swasannndizan apre lagè a, li retounen vin yon “Bwat Bijou” ankò. Debri yo disparèt, epi vil la retabli e li menm vin pi bèl.

Pandan vizit mwen an, m te wè yon bèl legliz Literyen, Frauenkirche la, Legliz Notre Dame nan. Li te bati

orijinèlman an 1700, e li sete youn nan bèl bijou Dresde, men lagè a te redui li fè l vin tounen yon pil debri. Pandan plizyè ane, li te rete konsa, jiskaske finalman yo te deside pou yo te rebati Frauenkirche.

Yo te pran wòch legliz ki te dewi a epi yo te konsève yo epi klase yo, epi, lè sa te posib, yo te itilize yo nan rekonstriksyon an. Jodia nou ka wè wòch dife te nwasi sa yo ki parèt tankou sikatris sou mi deyò yo. “Sikatris” sa yo se non sèlman yon rapèl sou istwa edifis sa a pandan ane lagè yo men se yon moniman pou lespwa tou—yon senbòl mayifik sou kapasite lòm pou kreye yon nouvo lavi apati sann dife.

Pandan m t ap medite sou istwa Dresde la avèk emèveyman pou entelijans ak detèminasyon moun ki te rekonstwi sa k te si totalman detwi sa a, m te santi enfluyans dous Sentespri a. M te panse, asireman, si lòm ka pran grave, debri, ak dekonb yon vil kraze pou yo rebati yon edifis enpresyonan ki kanpe fyèman konsa, konbyen plis Papa Toupuisan nou an kapab releve pitit li ki tonbe yo, k ap lite, oubyen ki pèdi yo?

Keseswa konbyen lavi nou ta parèt konplètman detwi. Kesewa konbyen peche nou anpil, pwofondè amètèm nou, si nou santi n sèl, abandone oubyen kè nou brize. Menm moun ki sanzespwa yo, k ap viv nan dezespwa yo, sa yo te trayi konfyans yo, sa ki abandone entegrite yo, oubyen ki detounen ale lwen Bondye yo kapab restore. Aleksepsyon pitit pèdisyon yo, pa gen okenn lavi brize ki pa ka restore.

Bòn nouvèl levanjil la se sa a: gras ak plan bonè etènèl Pè Selès byeneme

nou an e gras ak sakrifis enfini Jezikri a, non sèlman nou ka rachte anba eta dechi nou an e retabli nan pite, men tou, nou ka pwogrese odela sa lòm ka imajine pou n vin eritye lavi etènèl e pataje laglwa endeskriptib Bondye.

Parabòl brebi egare a

Pandan ministè Sovè a, dirijan relijye nan epòk Li yo pa t apwouve lefèt ke Jezi t ap pase tan avèk moun yo te kataloge kòm “pechè” yo.

Petèt pou yo, sete kòm si Li t ap tolere oubyen menm apwouve konpòtman peche. Petèt yo te panse ke pi bon fason pou ede pechè yo repanti sete nan kondane yo, moke yo, oubyen imilye yo.

Lè Sovè a te wè sa Farizyen yo ak direktè lalwa yo te panse, Li te rakonte yo yon senp istwa:

“Sipoze youn nan nou ta gen san mouton. Si l pèdi youn ladan yo, èske li pap kite katrevendiznèf lòt mouton yo nan dezè a, pou l al dèyè sa k pèdi a?”

“Epi lè l jwenn ni, l ap mete l sou zepòl li ak kè kontan.”²

Atravè syèk yo, yo tradisyonèlman entèprete parabòl sa a kòm yon apèl alaksyon pou nou mennen brebi egare a retounen ak pou lonje lamèn bay moun ki pèdi yo. Pandan ke sa sètènman apwopriye, m ap mande m si pa gen plis ladan l toujou.

Èske l posib ke objektif Jezi, toudabò, sete pou anseye kisa ki se travay Bon Bèje a?

Èske l posib ke Li t ap temwaye de amou Bondye pou pitit li ki egare yo?

Èske l posib ke mesaj Sovè a te vledi Bondye pafètman konsyan de moun ki pèdi yo—ke Li pral chèche yo, ke L ap jwenn yo, l ap lonje lamèn ba yo, pou pote yo sekou?

Si se sa, kisa brebi a dwe fè pou kalifye l pou èd divin sa a?

Èske brebi a bezwen konn kijan pou l itilize yon estriman konplike pou kalkile kowòdone li? Èske l oblije kapab itilize yon JPS pou defini pozisyon li? Èske l oblije gen konpetans pou kreye yon app pou l ka mande èd? Èske brebi a bezwen soutyen yon moun ki renome pou Bon Bèje a ka

vin pote l sekou?

Non. Sètènman pa! Brebi a diy pou l jwenn sekou divin senpleman paske Bon Bèje a renmen li.

Pou mwen, parabòl brebi egare a se youn nan pasaj ki pi chaje ak espwa nan tout ekriti yo.

Sovè nou an, Bon Bèje a, konnen nou epi Li renmen nou. Li konnen ou epi Li renmen ou.

Li konn lè w pèdi, e Li konn ki kote ou ye. Li konn doulè ou. Siplikasyon an silans ou yo. Laperèz ou. Dlo nan je ou.

Li pa sousye de kijan w te fè pèdi—si se akòz pwòp move chwa ou oubyen akòz sikonstans ki depase kontwòl ou.

Tout sa k konte sèke ou se pitit Li. E Li renmen ou. Li renmen pitit Li.

Paske Li renmen ou, L ap jwenn ou. L ap mete w sou zepòl Li ak kè kontan. Epi lè l mennen w retounen lakay, L ap di tout moun: “Vin fè fèt avèk mwen; paske m jwenn brebi m nan ki te pèdi a.”³

Kisa nou dwe fè?

Ou gen dwa panse: men, ki pyèj sa gen ladan? Siman m ap gen pou fè plis pase jis tann pou L pote m sekou.

Byenke Papa eman nou an vle pou tout pitit Li yo retounen al jwenn ni, Li pap fòse pèsoun al nan syèl la.⁴ Bondye pap pote w sekou si ou pa vle.

Konsa, kisa nou dwe fè?

Envitasyon L lan senp:

“Tounen . . . vin jwenn mwen.”⁵

“Vin jwenn mwen.”⁶

“Pwoche kote m epi m ap pwoche kote ou.”⁷

Sa se fason nou montre Li ke nou vle pou L sekouri nou.

Sa mande yon tikras lafwa. Men pa dezespere. Si w pa ka fè apèl a lafwa kounyeya, kòmanse ak espwa.

Si w pa ka di ou konnen Bondye egziste, ou ka espere ke L egziste. Ou ka anvè kwè.⁸ Sa sifi pou kòmanse.

Après, aji sou esperans sa a, kominike ak Pè Selès la. Bondye ap devèse lanmou L sou ou, epi travay sovta ak transfòmasyon an ap kòmanse.

Avèk letan, w ap vin rekonèt men Li nan lavi ou. W ap vin santi amou Li. Epi dezi pou w mache nan limyè Li e suiv wout Li a ap grandi ak chak etap lafwa w pran.

Nou rele etap lafwa sa yo “obeyisans.”

Se pa yon mo ki popilè nan epòk sa yo. Men, obeyisans se yon prensip presye nan levanjil Jezikri a, paske nou konnen “gras ak Ekspyasyon Kris la, tout limanite kapab sove, si yo obeyi lalwa ak òdonans Levanjil la.”⁹

Amezi lafwa nou ap ogmante, fidelite nou ap ogmante tou. Talè a m te site yon otè Alman ki te ekspri-me tristès li pou destriksiyon Dresde la. Li te ekri fraz sa a tou ““Es gibt nichts Gutes, ausser: Man tut es.””¹⁰ Pou moun ki pa pale lang selès la, men tradiksiyon an: “Pa gen anyen ki bon, amwenske ou fè l bon.”¹⁰

Ou menm avèk mwen gen dwa pale avèk pi plis elokans sou bagay espiyèl yo. Nou gen dwa enpresyone moun avèk entèpretasyon entelektyèl briyan nou sou sijè relijye yo. Nou gen dwa ap egzalte tèt nou osijè relijyon e “reve a chato [nou] anwo a.”¹¹ Men, si lafwa nou pa chanje fason n ap viv—si kwayans nou yo pa enfluyans desizyon chak jou nou yo—relijyon nou an inital, epi lafwa nou, si l pa mouri, sètènman pa byen epi li andanje pou l finalman etenn.¹²

Obeyisans se sa ki bay lafwa lavi. Se gras ak obeyisans nou ka mete limyè nan nanm nou.

Men pafwa nou mal konprann obeyisans. Nou ka konsidere obeyisans kòm yon fen an limenm, olye de yon mwayen pou n rive nan yon fen. Oubyen, metaforikman, nou gen dwa ap frape mato obeyisans lan sou metal fè kòmandman yo nan yon efò pou nou modle moun nou renmen yo, pa mwayen chofaj konstan ak kout mato san rete pou fè yo vin tounen yon materyo ki pi sen, ki pi selès.

Pa gen okenn dout sou sa, gen dè moman kote nou bezwen yon apèl sevè ala repantans. Asireman, gen kèk moun se sèl fason nou ka touche yo.

Men petèt gen yon lòt apwòch diferan ki ka eksplike poukisa nou obeyi kòmandman Bondye yo. Petèt obeyisans se pa sitèlman pwosesis pou nou pliye, tòdye, e bat nanm nou pou fè l vin tounen yon bagay nou pa ye. Men, se yon pwosesis pou nou vrèman dekouvri ak ki materyo nou fèt.

Se Bondye Toupuisan an ki kreye nou. Li se Papa nou ki nan syèl la. Nou se literalman pitit lespri li. Nou fèt avèk materyo divin ki pi presye e ekstrèmeman rafine ki egziste a, e, pa konsekan, nou gen sibstans divinite a anedan nou.

Sepandan, isit sou tè a, panse nou ak aksyon nou vin ankonbre anba sa k kowonpi, sa k pa sen, ak sa k pa pi. Pousyè ak salte mond chanèl la tache nanm nou, ki fè l difisil pou n rekonèt e sonje dwa nesans nou ak bi nou.

Men tout sa pa ka chanje sa nou reyèlman ye a. Divinite fondaman- tal nati nou an rete menm. Epi nan moman nou chwazi pou n tounen kè nou bay Sovè byeneme nou an epi mete pye nou nan chemen disip la, gen yon bagay mirakile ki rive. Amou

Bondye ranpli kè nou; limyè laverite ranpli lespri nou; nou kòmanse pèdi dezi pou peche a; epi nou pa vle mache nan tenèb ankò.¹³

Nou vin wè obeyisans non pa kòm yon pinisyon men kòm yon chemen liberatè pou mennen nou nan destine divin nou. Epi gradyèlman, korip- syon, pousyè, ak limitasyon tè sa a kòmanse elwanye. Finalman, espri etènèl inestimab èt selès la ki ande- dan nou an vin revele, epi yon sous bonte vin tounen vrè nati nou.

Ou merite pou yo pote w sekou

Chè frè m ak sè m yo, chè zanmi mwen, m temwaye ke Bondye wè nou jan nou vrèman ye a—epi Li konsidere nou diy pou L sekouri nou.

Petèt ou gen dwa santi lavi w wine. Petèt ou peche. Petèt ou efreye, ou ankòlè, ou nan chagren, oubyen dout ap tètire ou. Men, menmjan Bon Bèje a jwenn brebi Li ki te pèdi a, si w sèlman leve kè w bay Sovè mond lan, L ap jwenn ou.

L ap vin pote w sekou.

L ap releve ou epi l ap mete w sou zepòl Li.

L ap mennen w retounen lakay.

Si men lòm ka transfòme dekonb ak debri fè yo vin tounen yon bèl kay adorasyon, enben, nou ka gen konfyans ke Papa eman nou an ki nan Syèl la kapab e L ap rebati nou. Plan Li se bati nou fè n tou- nen yon bagay ki pi gran pase nou te ye—menm pi gran pase nou ka janm imajine. Chak pa nou fè avèk lafwa sou chemen disip la, n ap grandi vin tounen èt laglwa etènèl ak lajwa enfini nou te destine pou n devni an.

Sa se temwayj mwen, benediksyon mwen, ak enb priyè mwen, nan non sakre Mèt nou an, nan non Jezikri, amèn.

NÒT

1. Gade Erich Kästner, *Als ich ein kleiner Junge war* (1996), 51–52.
2. Lik 15:4–5.
3. Lik 15:6.
4. Gade “Sachez que chacun peut choisir,” *Cantiques*, no. 155.
5. Joèl 2:12.
6. Matye 11:28.
7. Doktryn ak Alyans 88:63.
8. Gade Alma 32:27.
9. Atik Lafwa 1:3.
10. Erich Kästner, *Es gibt nichts Gutes, ausser: Man tut es* (1950).
11. “Have I Done Any Good?” *Hymns*, no. 223)
12. See Jak 2:26.
13. Gade Jan 5:30.